



# OU MERITE YON SWEN SANTE ABÒDAB

NY State of Health ofri plan sante abòdab ak sipò finansye pou bese depans ou yo. Jwenn èd pèsonalize gratis nan men navigatè yo pou konpare plan yo epi chwazi pwoteksyon ki pi bon pou ou A.

## NAN NY STATE OF HEALTH OU PRAL JWENN

- 1 Anpil bon jan plan sante ki aksesib
- 2 Plan ki gen swen prevansyon gratis ak prim ki ba
- 3 Èd fas-a-fas gratis pou chwazi plan ou
- 4 Èd finansye pou ede peye pou pwoteksyon ou
- 5 The Essential Plan pou moun ki gen yon ti kras kòb

## LI BYEN SENP POU W ENSKRI! W AP BEZWEN ENFÒMASYON SA YO POU OU MENM AK CHAK MANM NAN FANMI OU

- ✓ Dat Nesans
- ✓ Nimewo sekirite sosyal oswa, pou imigran legal yo, nimewo dokiman si sa disponib
- ✓ Travay, rejis sou revni, ak enfòmasyon asirans sante



**KONPARE PLAN YO EPI ENSKRI JODIA!**  
1-855-355-5777 oswa [nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov)  
TTY: 1-800-662-1220 Ed gratis pèsònèlman

# THE ESSENTIAL PLAN

The Essential Plan bon pou plizyè moun ki gen yon ti kras kòb

Pou kèk moun, li koute mwens pase yon dola pa jou. Pou lòt moun, li gratis.

**EPI PA GEN OKENN DEDIKTIB**, donk plan an kòmanse peye pou swen sante ou tousuit.

## THE ESSENTIAL PLAN OFRI MENM KALITE BENEFIS AK Lòt PLAN SANTE YO



Vizit doktè, pami yo, espesyalis



Tès doktè preskri yo



Medikaman preskripsyon yo



Swen entèn oswa klinik ekstèn nan yon lopital

**Anba The Essential Plan, pòsyon ou peye pou chak sèvis sante - kotizasyon ou an - pa anpil tou, pafwa se \$0.**

**Epi sèvis prevansyon yo gratis, tankou egzamen woutin kay doktè ak tès depistaj.**



Enskri nan The Essential Plan la jodi a.  
Enskripsyon louvri **PANDAN TOUT ANE A.**